ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ БАТЫРЛЫҚ ЕРТЕКЛЕРИНДЕ ЖӘРДЕМШИ ПЕРСОНАЖЛАРДЫҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ

Қуралбаева Гулчехра Юсуп қызы – *таяныш докторант*
kuralbaevagulcehra55@gmail.com
Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими,
Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты

ОТРАЖЕНИЕ ВСПОМОГАТЕЛЬНЫХ ПЕРСОНАЖЕЙ В КАРАКАЛПАКСКИХ НАРОДНЫХ ГЕРОИЧЕСКИХ СКАЗКАХ

Куралбаева Гульчехра Юсуповна – *базовый докторант*
Каракалпакское отделение Академии наук Республики Узбекистан,
Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук

REFLECTION OF SUPPORTING CHARACTERS IN KARAKALPAK FOLK HEROIC TALES

Kuralbaeva Gulchexra Yusupovna – *doctoral student*
Karakalpak Branch of the Academy of Sciences of the Republic of Uzbekistan
Karakalpak Research Institute of Humanities

Таянч сўзлар: қаҳрамонлик эртаклари, персонаж, ёрдамчи образлар, дев образи, от образи, бадиий функция.

Резюме. Мақолада қорақалпоқ қаҳрамонлик эртаклари қаҳрамонлари ёрдамчи персонажларининг функционал хусусиятлари, бу борада тадқиқот олиб борган олимларнинг концепциялари келтирилган ва таҳлил қилинган.

Ключевые слова: сказки о героизме, персонаж, вспомогательные образы, образ дэва, образ коня, художественная функция.

Резюме. В статье приведены и проанализированы функциональные особенности вспомогательных персонажей героев каракалпакских героических сказок, концепции ученых, проводивших исследования по этим вопросам.

Key words: heroic tales, character, supporting images, dev image, horse image, artistic function.

Summary. The article presents and analyzes the functional features of the supporting characters of the heroes of Karakalpak heroic tales, the concepts of scholars who have conducted research on these issues.

Кирисиў. Қарақалпақ батырлық ертеклери қаҳарманлары жәрдемши персонажларының, қурал-жарақларының, буйымларының функционаллық өзгешелигин, ўазыйпаларын үйрениў әҳмийетли мәселелердиң бири болып табылады. Бундай типтеги ертеклердиң көпшилигинде бас қаҳарманлар өзлерине ылайық ат таңлап алады. Соң қаҳарманлар керекли буйымларды, қурал-жарақларды таңлап алады ямаса душпанлардан тартып алады. Батырлар әдетте туўылыўынан баслап-ақ физикалық жақтан күшли болып келеди. Олар саат сайын өсип барады, өз қатар досларының арасында ерлиги, мәртлиги менен ажыралып турады. Бас қаҳарман өзине ылайықлы қарсылас ямаса ылайықлы яр излеп елден шығып кетеди, узақ сапарға атланады.

Әдебиятлар анализи ҳәм методология. В.Я.Пропп айырым ертеклерде мәстан кемпир батырларға сыйқырлы нәрселерди саўға етиўши де болып келеди [1:36-37]. Н.В.Новиков базыбир ертеклерде мәстан кемпир унамлы персонаж болыўын атап өтти [2:159-180]. “Қуламет төре” атлы ертектеги батырға мама кемпир жәрдемши персонаж болып келеди. Бул унамлы кемпир образына мысал бола алады. Батырлық ертеклеринде бас қаҳарманның ең жәрдемши персонажы – оның аты, тулпары саналады.

Адыгей халық батырлық ертеклериндеги, тарийхый батырлық аңыз-әңгимелериндеги ат образын изертлеген Ж.Г.Тхамокова бир неше баҳалы дереклерди келтирип өткен. Оның жазыўынша, ертеклерде, батырлық аңызларында бас қаҳарманлардың туўылыўы да, өсип камалға келиўи де, өзине ылайықлы ат, тулпар таңлаўы да үлкен әҳмийетке ийе [3:125-126]. Ж.Г.Тхамокова илимпаз М.Ф.Бухуровтың атап өткен тийкарғы мотивлерине тоқтаған. М.Ф.Бухуров ертек ҳәм тарийхый-қаҳарманлық дәстанлар сюжетлери композициялық қурылысының қурамлық бөлимлерин қурайтуғын алты улыўма мотивти көрсеткен: 1) әжайып туўылыў; 2) тез өсиў; 3) батырларша балалық; 4) әжайып ат табыў; 5) қаҳарманларша қудаласыў; 6) ат ҳәм қурал-жарақтың әжайып қәсийетлери. Автор олардың ҳәр бирине ҳәр еки жанр (тарийхый эпос ҳәм батырлық ертек) үлгилеринен алынған материаллар тийкарында қысқаша тоқтап өткен [4:17-20]. Бунда Ж.Г.Тхамокова төртинши "кәраматлы жылқыны, атты табыў, атқа байланыслы алтыншы тармақтың бөлими менен бириктирип, "жылқының, аттың кәраматлы қәсийетлери" мотивин атап өткен. Батырлық ертеклер менен тарийхый-қаҳарманлық аңызларындағы "гүрес пенен жеңислер" – "эпостың өзеги" ушын аттың батырдан бөлинбейтуғынлығын аңлаймыз. Автордың пикиринше, ат, тулпар бас қаҳарман менен өмир бойы бирге жүреди, яғный, оның образы, бас қаҳарманның образы сыяқлы, баянлаў сюжетиниң раўажланыўында жүдә белгили роль атқарады, деген жуўмаққа келеди [3: 125-126]. А.Т.Шортанов та аттың батыр менен бирге душпанларға қарсы гүрес алып барыўын, бир пүтинликти қураўын, ҳәттеки, о дүньяда да бирге жасаўы ушын, бирге жерлениўин де атап өтти [5:151].

Ж.Г.Тхамокова батырдың атқа еки жол менен ийе болатуғынлығына дыққат аўдарған:

1. Батыр әжайып билиминиң нәтийжесинде атқа ийе болады;

2. Қаҳарман батырлық күшке ийе болғанлықтан ылайықлы атқа ийе болады [3:126].

Бул мотивлер Аарне-Томпсонның халықаралық сюжетлер көрсеткишинде "Әжайып күш ямаса билим ийеси" – 650-699-номерлери бойынша тиркелген: әжайып билимге ямаса күшке ийе бола отырып,

қаҳарман ҳәр түрли мақсетлерге ериседи, соның ишинде атқа ийе болады.

А.И.Алиеваның пикиринше, Адыгей сыйқырлы-тилсимли ертегине қаҳарман ҳәм оның атының улыўма образы тән болып, әжайып атқа ийе болыў - қаҳарман - пазыйлетлериниң бири. Ол монографиясында Адыгей сыйқырлы ертеклериниң қаҳарманларының образларын жаратыў ушын көркем-сүўретлеў қуралларының кең материалын көрип шығып, автор қаҳарманның тулпарсыз келбетин жаратыўшы формулалардың жоқлығын, керисинше, ат үстиндеги шабандозды тәрийплеўдиң турақлы формулаларының көплиги характерли екенлигин көрсетеди. "Адыгей сыйқырлы ертегинде қаҳарманның сыртқы көринисине тән өзгешеликлер дерлик жоқ, - деп жазады автор. «Формула тек ат үстинде отырған қаҳарманның келбетине дыққат аўдарады" [6:136].

Б.Б.Манджиева қалмақ халық батырлық ертеклерин изертлеген илимпаз болып табылады. Ол бул халықтың батырлық ертеклериндеги образларға көбирек дыққат аўдарды. Илимпаз атап өткениндей, қалмақлардың ертеклеринде елин сыртқы душпанлардан, жаўыз руўҳлардан қорғайтуғын бас қаҳарман бул – *баатр* (батыр). Бул батырлар жаўыз руўҳлар, мақлуқлар саналған мусларға, мангасларға (мангусларға), көп баслы мақлуқларға қарсы мәртлерше гүрес алып барады. Б.Б. Манджиеваның пикиринше, қалмақ ертеклеринде көбинесе батырдың әжайып туўылыў мотиви баслы орынды ийелейди. Бул перзентсизлик мотивине барып тақалады. Илимпаз «Сегиз мың жаслы Улан Намджил», «Налхан Цаган эджи улы Найхал батыр» атлы қалмақ халық ертеклериндеги батырлардың әжайып туўылыў мотивлерине тоқтаған. Әдетте қалмақ халық ертеклеринде батырлар өзгеше, кәраматлы болып дүньяға келеди. Биразлары алтын көкирекли, айырымлары гүмис арқалы ямаса гүмис белли болып туўылады. «Бодь Номин Хан» атлы ертекте бас қаҳарман алтын кекилли (шашлы), алтын көкирекли болып жарық әлемге келеди. Бул түркий-монгол тиллес халықлардың көпшилигинде ушырасыўын автор атап өткен. "Бодь Номин хан" атлы ертектиң қаҳарманының әжайып белгилериниң және бири – жаңа туўылған нәрестениң әжайып киндиги. Әкеси Бодь Номин хан нәрестениң киндигин сары қылышы менен кесип анасынан ажыратып алады. Бул эпизодта әжайып бала ҳәм оның әкесиниң өз-ара байланысы бар. Себеби болажақ батырдың, яғный нәрестениң киндигин әдеттеги қуралар менен кесиў мүмкин емес. Киндик өмирлик күштиң жәмленгенлигин билдиреди. Усы ертекте әке өзиниң қылышы менен баласының киндигин кеседи. Бул көринис батырлықтың, жаўынгерликтиң, ел қорғаўшының күдиретиниң белгиси болып табылады. Балаға Алтан Кюкюл (Алтын Кекил, Алтын Шаш) деген ат қойылады. Б.Б.Манджиеваның пикиринше, батырлық ертеклеринде қаҳарман ат пенен тығыз байланысқан болып, ол қаҳарманның ҳәм жолдасы, ҳәм жәрдемшиси есапланады. Ертеклерде, дәстанларда ҳәм фольклордың басқа жанрларында жырланатуғын аттың ең гөззал сыпатламалары аудиторияның эстетикалық талапларына сәйкес келеди. Магтал аты - көшпелилер фольклорының ең өзине тән ҳәм характерли жанры болып, ол өз алдына жанр ҳәм дәстандағы қосымша "қосық пенен айтылатуғын сүўретлеўлер" сыпатында белгили. Аттың гөззаллығы ҳәм қәсийетлерин дәстүрий магтал (мақтаў) формасында сүўретлеў монгол тиллес ҳәм түркий тиллес халықлардың дәстанларында кең тарқалған. Батырлық ертеклеринде ат дәбдебели эпитетлер, турақлы теңеўлер ҳәм басқа да поэзиялық образлар жәрдеминде жырланады. Илимпаздың атап өткениндей, ҳәр қыйлы халықлардың ертеклеринде ат ҳәм оның қурал-жарақлары, буйымлары ҳәр қыйлы айырмашылықлар менен, бирақ бирдей пүтинликте, бирдей қызығыўшылық пенен тилге алынады. Ат қурал-жарақларына, буйымларына төмендегилер киреди: дастығы ҳәм зәңгиси бар ер, терлик, айыл, қуйрық асты, көкирек асты, жүўен, мойын асты, сондай-ақ, арқан, тусаў, торак, қоржын ҳәм басқалар. Ер адамның әскерий таярлығының, оның қәдир-қымбатының белгиси есапланады. Б.Б.Манджиеваның пикиринше, дәстанларда ат ер-турманының барлығы толық сүўретленеди. Жылқы бағыўшы халықларда олардың ҳақыйқый өзгешеликлерине сәйкес сәўлеленеди. Батыр ат өз ийеси сыяқлы әжайып қәсийетлерге ийе, оның қәбилетлериниң бири жер үстинде ушыў қәбилетинен ибарат. Ат жәрдеминде қаҳарман зәрүрли мақсетке ериседи, қаҳарманлық ислерди әмелге асырады ҳәм душпанларды жеңеди. Дереклерге қарағанда, қаҳарманларша қудаласыў, жат еллерге барыў қаҳарманның батырлық пазыйлетлерин, мәртлигин, тапқырлығын, күш-күдиретин көрсетеди. Бул мотив қалмақлардың көпшилик батырлық ертеклеринде тийкарғы орын тутады. Сондай сюжетлер бар, оларда жарыс болмайды: жас қаҳарман душпаны менен айқасып, оны өлтиреди. Солай етип, қартайған ата-аналардың мийрасхоры болажақ қаҳарман үйинде туўылады, арналған атты алады, қаҳарман өзиниң болажақ қалыңлығына асығады ҳәм қарсыласы (душпаны) үстинен жеңиске ерисип, үйленеди ҳәм ата-анасына қайтады. Әжайып туўылған қаҳарман ошақтың қорғаўшысы, өз журтының, өз урыўының қорғаўшысы [7:113-119].

Талқылаўлар ҳәм нәтийжелер. “Абат батыр” [8:11-18] атлы ертекте Абаттың үш жолдасы болады. Бириншиси, жети жыллық өликке жан бериўши дуўахан, сыйқыршы, екиншиси бир ақшамда бир қаланы салыўшы, үшиншиси бир қаланы екинши қалаға көшириўши. Мине, усы адамлар – батырдың жәрдемши персонажлары. Соның менен бирге, Абат батырдың аты да жәрдемши персонаж бола алады.

Абат батырдың ҳаялы ертекте конфликт пайда етеди. Оның шашының бир бөлеги суўға ығып кетеди ҳәм шаштың ийесине Қысыраў патша ашық болады. Мәстан кемпир батырдың ҳаялын тек ҳийле менен алып келиў мүмкинлигин патшаға айтады. Бул исти өзи әмелге асырыўға ҳәрекет етеди. Абат батыр менен оның ҳаялының исенимине кирип алған мәстан кемпир бул сумлықты әмелге асырады. Мәстан кемпир Абат батырдың аўқатына уў салып берип, оны уўлап өлтирип, қызды дәрьяға шомылыўға алып барып, ләшкерлердиң жәрдеминде оны қайыққа миндирип, Қысырыў патшаға алып барады. Бирақ, батырдың ҳаялының ақылы, жәрдемши персонажлар себепли бул сумлық өтпейди. Абаттың ҳаялы патшаға “бир түнде сарай қурдырып берсеңиз, сонда ўақты-хошлық етейик” дейди. Буны Абаттың дослары еситип келеди.

Олардың биреўи бир түнде сарай курады, ал, бир қаланы екинши қалаға көшириўши сарайды Абат батыр жатырған орынға көширеди. Абат батырды дуўахан досты тирилтеди.

Ертектеги жәрдемши персонажлар төмендеги функцияларды атқарады:

- бир ақшамда қала салыўшы адам Абат батырдың ҳаялына бир түнде үлкен қала салып береди;
- бир қаланы бир қалаға көшириўши Абаттың ҳаялын, барлық досларын Абаттың жатырған аўылына көширеди.
- дуўахан уўланып өлген Абат батырды дуўа оқып тирилтеди.

Абат батыр патшаны, ләшкерлерди өлтирип, мурат-мақсетине жетеди. Усы функцияларды атқарған жәрдемши персонажлар батырлық ертеклериниң композициясында белгили орын тутады.

Қарақалпақ халық ертеклериниң мазмунында бас қаҳарманға жәрдемши батыр персонажлар да ушырасады. Атап айтқанда, «Қыран» [8:19-26] атлы ертекте бас қаҳарманға отта күймес, суўда батпас батыр – Қыран жәрдемши персонаж болып келеди.

«Алатай батыр» [9:232-238] атлы ертекте батырға жәрдемши персонажлар – дәў, соқыр ҳәм қолсыз адамлар. Дәў Алатайға сыйқырлықты үйретеди. Ал, соқыр, қолсыз дослары менен бирге батыр аң аўлап күн кеширеди. Мәстан кемпир антагонист болғаны менен бир тәрептен жәрдемши персонаж ролин де атқарады. Ол аяқларын қылыш кесип кеткен Алатайды ҳәм оның соқыр, қолсыз досларын жутып, саў-саламат етип шығарады.

«Батыр Генедей» [9:277-280] атлы ертекте бас қаҳарманға жәрдемши персонажлар – жети жыллық өликке жан бериўши дуўахан ҳәм бир түнде сарай қуратуғын уста. Олар Генедейди тирилтип, шәртлерди орынлаўда жәрдем етеди.

«Генже баланың ығбалы» [9:280-282] атлы ертекте бас қаҳарманға жәрдемши персонаж – Генженің әкеси. Генженің түсинде әкеси аян берип, не ислеў керек екенлигин түсиндиреди.

Жуўмақ. Қарақалпақ халық батырлық ертеклеринде жәрдемши персонажлардың орны, функциясы үлкен әҳмийетке ийе. Батырдың жақын досты, өмирлик жолдасы, минген аты, тулпары, кәраматлы жәниўарлар ертеклердиң мазмунында терең орын алып, тыңлаўшыларды, оқыўшыларды ойландырады. Бул мәселелерди үйрениў үлкен әҳмийетке ийе.

Әдебиятлар

1. Пропп В.Я. Исторические корни волшебной сказки. – Москва: «Лабиринт», 2000.
2. Новиков Н.В. Образцы восточнославянской волшебной сказки. – Ленинград: «Наука», 1974.
3. Тхамокова Ж.Г. Образ коня в адыгских богатырских сказках и историко-героических сказаниях. // Вестник КБИГИ (KBIHR Bulletin), 2019, 4-1 (43).
4. Бухуров М.Ф. Сказания об Андемиркане и богатырская сказка . // Филологические науки. Вопросы теории и практики. 2017. № 6/72: в 3-х ч. Ч. 2.
5. Шортанов А.Т. Адыгская (черкесская) мифология и культы. Нальчик: Изд-во М. и В. Котляровых, 2016.
6. Алиева А.И. Поэтика и стиль волшебных сказок адыгских народов. – Москва: «Наука», 1986.
7. Монголоведение (Монгол судлал): сборник научных трудов. Вып. 11 / гл. ред. В. В. Куканова. – Элиста: КалмНЦ РАН, 2017. – С. 113-119.
8. Қарақалпақ фольклоры. – Том 1. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977.
9. Қарақалпақ фольклоры. – Том 67-76. – Нөкис: «Илим», 2014.